

Nim. 147.35

DEKRÈ EGZEKITIF

Lè nou konsidere demann Pwokirè Jeneral la, Letitia James, m'ap modifye òdonans ak règleman mwen an, ki anglobe nan Dekrè Egzekitif Nimewo san karant sèt, ki date 8 jiyè 2015 lan, avèk dokiman sa a, pou li enkli yon paragraf adisyonèl avan dènye paragraf la jan Dekrè Egzekitif Nimewo 147.1 - 147.34 modifye l la, pou yo li konsa a:

**ANOUT**, egzijans Dekrè Egzekitif sa a enpoze sou Pwokirè Espesyal la dwe gen ladan ankèt sou, epi si li jistifye, pouswit:

(ii) nenpòt ak tout zak oswa omisyon ilegal oswa zak oswa omisyon yo prezime ilegal yo ke nenpòt ofisye lapolis te komèt, jan yo endike nan soudivizyon 34 nan seksyon 1.20 nan Lwa sou Pwosedi Kriminèl la (Criminal Procedure Law), ki souleve nan, ki gen rapò ak oswa ki konekte nan nenpòt fason avèk lanmò Daniel Prude nan dat 30 mas 2020 nan Konte Monroe.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan kenzyèm jou mwa jiyè

nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a